



ADA/504 Avi Piblik sou Non Diskriminasyon

Avi kont diskriminasyon sou baz andikap daprè Lwa Ameriken 1990 sou moun Andikape yo ak Atik 504 la nan Lwa 1973 sou Reyabilitasyon

Tit II Lwa Ameriken andikape yo ak Seksyon 504 Lwa Reyabilitasyon an egzije pou DCYF pa fè diskriminasyon kont moun ki kalifye andikape yo nan pwogram, sèvis oswa aktivite li yo.

Kominikasyon Efikas

DCYF pral, sou demann, bay èd ak sèvis apwopriye pou asire kominikasyon efikas pou moun ki kalifye andikape pou yo ka patisipe egalman nan pwogram, sèvis ak aktivite DCYF yo. Èd ak sèvis sa yo kapab genyen entèprèt ki kalifye pou lang siy, dokiman an bray, ak lòt fason pou rann enfòmasyon ak kominikasyon aksesib pou moun ki gen pwoblèm pou lapawòl, pou tande oswa pou vizyon.

Modifikasyon nan Regleman ak Pwosedi yo

DCYF pral fè modifikasyon rezonab nan regleman ak pwogram yo pou asire moun ki andikape yo gen yon opòtinite egal pou patisipe nan tout pwogram, sèvis ak aktivite DCYF. Egzanp, moun ki akonpanye ak animal asistans yo asepte biwo Leta yo, malgre jeneralman bêt yo entèdi.

Mande yon èd oswa sèvis pou asire kominikasyon an efikas oswa yon modifikasyon nan regleman yo

Nenpòt moun ki bezwen yon èd oswa sèvis pou kominikasyon efikas oswa yon chanjman nan règleman oswa pwosedi pou patisipe nan yon pwogram, sèvis, oswa aktivite DCYF, ta dwe notifye youn nan manm pèsonèl ki anba yo pi vit posib, de preferans 48 èdtan davans evènman ki pwogramme a:

1. Yon anplwaye DCYF, oswa
2. Yon Koòdonatè DCYF ADA
dcyf.adaaccessibility@dcyf.wa.gov
Telefòn: (360) 480-7230, itilizatè relè yo dwe rele nan 7-1-1

ADA a pa egzije DCYF pou l pran okenn aksyon ki ta chanje fondamantalman nati pwogram oswa sèvis li yo oswa ki ta enpoze yon fado finansye oswa administratif san rezon.



Washington State Department of
CHILDREN, YOUTH & FAMILIES

Plent

DCYF ta dwe resevwa plent ki montre yon pwogram, sèvis oswa aktivite DCYF pa aksesib pou moun ki andikape yo nan yon lane apre evènman w ap reklame a ki te lakòz yon tretman enjis akòz andikap, epi yo dwe transmèt bay:

Pwogram Aksè DCYF ADA

Department of Children, Youth, and Families
(Depatman Timoun, Jèn, ak Fanmi yo)

1500 Jefferson St, SE

Olympia, WA 98501

dcyf.adaaccessibility@dcyf.wa.gov

Telefòn: (360) 480-7230

Relè Washington dwe rele nan: 711 oswa 1-800-833-6384

Eta Washington p ap mande okenn moun ki andikape oswa nenpòt gwoup moun ki gen andikap peman pou kouvri depans pou bay nenpòt èd oswa sèvis oswa chanjman rezonab nan règleman oswa pratik.

Pandan ke DCYF gen yon règleman entèn ADA pou plent, règleman sa a toujou pèmèt yon moun ki gen yon andikap pote yon plent pou diskriminasyon andikape ak U.S. Department of Justice's Civil Rights Division (Divizyon Dwa Sivil Depatman Jistis Etazini) pou vyolasyon ADA Tit II, U.S. Department of Health and Human Services (Depatman Sante ak Sèvis Imen Etazini) pou vyolasyon Seksyon 504, oswa Komisyón Dwa Moun Eta Washington.

Department of Justice (Depatman Jistis Etazini, DOJ), Divizyon Dwa Sivil

<https://civilrights.justice.gov>

Kontakte Department Of Justice (Depatman Jistis) la pou rapòte yon vyolasyon dwa sivil sou Entènèt:

<https://civilrights.justice.gov/report>

Pou depoze yon plent ADA nan lapòs, telechaje fòmilè plent ADA a:

www.ada.gov/t2cmpfrm.html

Voye fòmilè ki ranpli a bay:

Depatman Jistis Etazini (Department of Justice, DOJ) –

Divizyon Dwa Sivil

950 Pennsylvania Ave, NW

4CON, 9th Floor

Washington, DC 20530

Department of Health & Human Service, Office of Civil Rights (Depatman Sante ak Sèvis Imen Etazini, Biwo Dwa Sivil)

Enstriksyon pou Depoze Plent nan Dwa Sivil:

www.hhs.gov/civil-rights/filing-a-complaint/complaint-process/index.html

Asistans Plent AnliyHHS - OCR:

<https://ocrportal.hhs.gov/ocr/smartscreen/main.jsf>

Pou depoze yon Plent sou Atik 504 la nan Lwa Reyabilitasyon an nan pa lapòs, telechaje fòmiilè Diskriminasyon Dwa Sivil la:

www.hhs.gov/sites/default/files/ocr-60-day-frn-cr-crf-complaint-forms-508r-11302022.pdf

Voye fòmilè ki ranpli a bay:

Centralized Case Management Operations

(Operasyon Santralize nan Jesyon Ka yo)

U.S. HHS – 200 Independence Ave., S.W.

Room 509F HHH Bldg.

Washington DC 20201

Washington State Human Rights Commission (Komisyón Dwa Moun nan Eta Washington, WSHRC)

www.hum.wa.gov

Pou depoze yon Plent Diskriminasyon Enfimite ki gen rapò ak yon Akomodasyon Piblik nan lapòs, telechaje fòmilè Plent Akomodasyon Piblik la:

www.hum.wa.gov/file-complaint

Voye fòmilè ki ranpli a bay:

WSHRC – Olympia Headquarters

711 S. Capitol Way, Suite 402

PO Box 42490

Olympia, WA 98504

DCYF pa fè diskriminasyon epi bay tout moun aksè egal nan pwogram ak sèvis li yo san yo pa konsidere ras, koulè, sèks, reliyion, kwayans, eta matrimonyal, orijin nasyonal, sitwayènte oswa estati imigrasyon, laj, oryantasyon seksyèl oswa idantite sèks, veteran oswa estati militè, estati kòm yon manman ki bay tete, ak prezans nenpòt andikap fizik, sansoryèl, oswa mantal oswa itilizasyon yon gid chen oswa bêt sèvis. Si w ta renmen kopí piblikasyon sa a gratis nan yon lòt fòma oswa lang, tanpri kontakte Relasyon Konstitiyan DCYF nan 1-800-723-4831 oswa imèl communications@dcyf.wa.gov.